Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



БАРКИЯЛ

## Баркула махщалилаб байрам, энергетикал!

Гумбет районалда бугеб электромухъазул гІуцІиялъул коллективалда ракІ-ракІалъ баркула гьезул профессионалияб байрам - энергетиказул къо!

Гьарула нужер щивасе щулияб сахлъи, хІалхьи лъалареб хІалтІулъ бергьенлъаби ва парахатаб, талихІаб гІумру.

Тавпикъ кьеги нужее, хІурматиял энергетикал, рукъзабахъ гвангъараб канлъиги, хинлъиги букІине гьоркьоса кьотІичІого ток букІинабиялъе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

## Пенсиялъул фондалъул хІалтІухъабазда баркула

РакІ-ракІалъ баркула Пенсиялъул фондалъул отделалда хІалтІулезда тІаде щолеб буго профессионалияб байрам – Россиялда пенсионнияб фонд гІуцІараб къо. Гьез жидерго байрамалда дандчІвай гьабулеб буго хІалтІулъ лъикІал хІасилалги росулаго. РакІчІараб буго хадубккунги гьез гІададамазул мурадал тІураялъул жавабчилъи цІикІкІараб жидерго хІалтІулъ бергьенлъаби росизе рукІинала.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, икъбал, талихІ, гьабулеб ишалъулъ битІккей.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

НОМЕРАЛДА РУГО:



20 соналъ физкультураялъул мугІалимлъун

-2 гьум.



ЖамгІият цебетІеялъе квербакъулел

-2 гьум.



Фазу ГІалиевалъул 85 сонилаб юбилей

-2 гьум.




РагІи! Унтарасе – гІанса, гІунулесе – чу

-3 гьум.

ХАЛКЪАЛЪУЛ ВАКИЛЗАБИ

## Гумбет районалда тІоцебесеб цІалиялда къабул гьабуна 2018 соналъе бюджет

### Гумбет районалъул депутатазул Собраниялъул сессия

**Цебеккун лъазабухъе, 2017 соналъул 7 декабралда тІобитІана Гумбет районалъул депутатазул Собраниялъул сессия. Гьеб рагьана ва бачана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахІмад АхІмадовас.**

Сессиялда гІахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас, гьесул заместителазул ва цогидазги.

Гьоркьор лъуна Гумбет районалда физическияб культураялъул ва спорталъул бугеб хІал, гьеб хадубккунги цебетІезабиялъе тадбиразул, Гумбет районалъул 2017 соналъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул, тІоцебесеб цІалиялда 2018 ва 2019 – 2020 сонazul плановияб заманалъе «Гумбет» район муниципалияб районалъул бюджет къабул гьабиялъул хІакъалъулъ ва цогидалги суалал.



ТІоцебесеб суалалда тІасан доклад гьабуна районалъул администрациялъул культураялъул, физический культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухІамад МухІамадовас.

«Культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул хІаракатчилъи буссараб буго кигІан кІваниги цІикІкІун гІадамал физическияб культураялъул ва спорталъул тадбиразулъе цІаялде, гІадамазе физкультуриябгун сахгьариялъул хьулухъ гьабиялъул хІалтІи хадубккунги цебетІезабиялде. Отделалъ кІвар кьолеб буго 2014-2017 сонazда Гумбет районалда физическияб культура ва спорт цебетІезабиялъул программа тІубазабиялде. Гьеб программаялда рекъон районалда хІалтІизабизе кьуна 16 объект (гьездаго гьоркьоб физкультураялъулгун сахгьариялъул комплекс, жинда жанирги лъедеялъул бассейн, тренажернияб, теннис хІалеб, гугариялъул залал ругеб). Гумбеталда гІадинаб лъедеялъул бассейн республикаялъул цониги муниципалиталда гьечІо.

МелъелтІа, ЧІиркъатІа, Гьоркь Инхо, Килалъ, Данухъ, ЦІияб Аргъвани, Ингишо росабалъ руго воркаут – байдаби. ЦІияб Данухъ, ЦІияб ЦІиликь, Первомайское, ЛъаратІа, Ингишо, Гьоркь Инхо, Гьарадирихъ хІалтІулел руго футбол хІалел гьитІинал байдаби. МелъелтІа жеги унеб буго футбол хІалеб байдан баялъул хІалтІи.

ГьабсагІат районалда буго 24 спортивияб клуб: росабазул администрациязда цебе 13, лъайкьеялъул учреждениязда – 11. Районалда хІалтІулеб буго кІиго спортивияб школа. Ругьунлъабазде гьенире хьвадулел руго 654 цІалдохъан.

Физическияб культура ва спорт цебетІезабиялъе муниципалитетазда гьоркьоб цІибаб соналъ ДРялъул ХІукуматалъул тІадкъаялда рекъон, спорталъул министерствоялъ гІуцІула конкурс. Гумбет районалъ ахирияб ункъо соналъ призовиял бакІал ккуна гьеб конкурсалда. 2013 соналъ лъабабилеб, 2014 соналъ – кІиабилеб, 2015-2016 сонazги лъабабилеб бакІ ккун буго», - ян абуна НурмухІамад МухІамадовас.

ТІасан кІалъазе рахъана лъайкьеялъул, культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва хьизаналъул рахъалъ райсобраниялъул кидагосеб комиссиялъул председатель СагІидбег ГІузаиров, МелъелтІа ДЮСШялъул нухмалъулев Барти Астимиров ва цогидалги.

Бюджеталъул ва финансовияб политикаялъул суалазда тІасан сессиялда доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель РурухІма Халидовас.

Депутатаз киналго разилъун тІоцебесеб цІалиялда къабул гьабуна 2018 соналъе ва 2019 – 2020 сонazул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет.

**«Гумбет» РИО**

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ…

## 20 соналъ физкультураялъул мугIалимлъун

**20 сон буго ЦIияб Данухъ росдал школалда физкультураялъул дарсал кьеялда Сахратула СултанмухIамадов хIалтIулелдаса. Гьес кIвар кьола лъималазул черх лъадариялде. Спортзалалда жанир чIезарун руго черх лъадариялъе хIажатал шартIалги. Гьениб хIалтIулеб буго речIчIухъанлъиялъул секция. Гьеб группаялдаса лъималаз гIахьаллъи гьабула кьецазда ва рихьизарула лъикIал хIасилал.**



Школа лъугIун арази хIурматалда рехсола гьесул цIар ва баркала кьола. Араб анкьалда гьесул вукIарав цIалдохъан АсхIаб Юнусовас тIобитIана гьудуллъиялъулаб дандчIвай Хасавюрталдаса лъималазулгун. ХIалуцарал рукIана лъималазда гьоркьор гугариялъул кьецал. Жиде -жидер цIайиялда бергьана Давуд МухIамадхIабибов, МухIамад Беркиханов, Абубакар ГIалидибиров, МухIамадхIажияв СултанмухIамадов ва МухIамадсайгит ГIабдулхIамидов. ТIоцебесеб, кIиабилеб, лъабабилеб бакIал ккуразе кьуна медалал ва грамотаби. Аллагьас тавпикъ кьеги Сахратула МухIамадовичасеги ва гьеб кинабго тадбир гIуцIарав АсхIаб ГIисахIажиевичасеги. Гединал дандчIваял гьаризе кьуват кьеги.

**Сураталда: Сахратула СултанмухIамадов ва гьесул команда.**

**СагIидбег Акаев,**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## ОГЭ ва ЕГЭ кьеялде хIадурлъи

### Тарихалъул мугIалимзабазул данделъи

**АнцIила кIиабилеб декабралда ТIад Инхо гьоркьохъеб школалда букIана тарихалъул гIелмуялъул мугIалимзабазул данделъи. Данделъиялда гIахьаллъана районалъул тIолалго школазул тарихалъул мугIалимзаби ва РУОялъул вакил МуртазагIали Валиев. Данделъи бачана тарихалъул мугIалимзабазул районалъул методикияб цолъиялъул нухмалъулей Асият Валиевалъ.**

Данделъиялда кIалъазе рахъана тарихалъул мугIалимзаби Заира МуртазагIалиева (Гъоркь Инхо), Рамазан ГIабдурахIманов (МелъелтIа), МуртазагIали МусахIажиев (Киналъ), Заира МухIамадханова (ЧIиркъатIа) ва цогидалги. Жиндирго кIалъаялда районалъул лъайкьеялъул отделалъул специалист МуртазагIали Валиевас тIадчIей гьабуна ЕГЭ ва ОГЭ кьеялде лъикIаб хIадурлъигун рачIине ккеялда.

ТIад Инхо ГIалихIажил цIаралда бугеб школалъул тарихалъул гIелмуялъул мугIалим Аминат ГIабдулатIиповалъ кьуна кIиго рагьараб дарс. Цояб букIана гIадатияб гуреб дарс, Шамил имамасул 220 сон тIубаялъе сайгъат гьабураб. Дарсал ана лъималазеги тIаде рачIаразеги пайдаяб хIалалда. Дарсазда хIалтIизаруна гьанжесел технологиял.

Гьеб данделъи букIана пайдаяблъун, цоцазе хIалбихьи щолеблъун. ТIаде рачIарал разиго хутIана Аминатил дарсазда.

**Сакинат МухIамадтIаминова, ГIайшат Исламбиева**

## Фазу ГIалиевалъул 85 сонилаб юбилей

**Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиева гьаюраб къо кIодо гьабун гьелъул 85 сонилаб юбилеялда хурхун МелъелтIа аслияб школалда тIобитIана тадбир.**

Бихьизабуна Фазул гIумруялъул хIакъалъулъ гьитIинабго документалияб фильм, цIалана кучIдул, суалазе цIалдохъабаз кьуна жавабал. Жийго нилъедаса ятIалъаниги, гьелъ нахъе тараб бечедаб творчество-хазинаялъ лъималазе кIудияб асар гьабулеб буго.

**Шагьзадай Юсупова**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА…

## ЖамгIият цебетIеялъе квербакъулел

### Гумбет районалъул бетIер дандчIвана волонтералгун

**Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов 7 декабралда дандчIвана Бакълъул мухъалъул волонтеразул ва жидеего бокьун хIалтIи гьабулел хIаракатчагIазул вакилзабигун. Гьеб тадбир гIуцIараб букIана ТIолгороссиялъул добровольцазул къоялъул хIурматалда. ГIолохъабаз районалъул бетIерасе бицана жидецаго гьабизе бугеб хIалтIул планазул, районалъул нухмалъулес гьелъул рахъги ккуна.**



«Волонтеразул хIаракатчилъи районалда гIуцIизе нижеца цебего хIисабалде босун букIана. Гумбеталда тIоритIула гIемерал тадбирал, гьелъие кумек гьабулел чагIилъун волонтералги ккола», - ян абуна гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

ХIажимурад МухIамадовас волонтеразда баркана лъикIаб ишалъул байбихьи, ракIалде щвезабуна жиндирго школалъулаб гIумру, тимурилаб командаги гIуцIун, херазе цIул бичIизе, рукъ бакIаризе, лъим цIезе унеб букIараб заман.

«Жидеего бокьун хIалтIи гьабулез хIаракатчилъи кисакибего бихьизабула. ЖамгIият цебетIеялъе нужеца квербакъи гьабула. Гьарула нужее бергьенлъаби, божи буго районалда волонтеразулаб хIаракатчилъи цебетIезе букIиналда. Нуж руго жигарчагIи, районалъул букIинеселъул ургъалида ругел гIолилал», - ян тIаде жубана районалъул бетIерас.

Волонтеразул хIаракатчилъиялъе кьимат кьурал кIалъаял гьаруна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Рамазан АхIмаднабиевас, районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Хьарагишиевас.

Ахиралда ХIажимурад МухIамадовас волонтеразе кьуна ХIурматалъул грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

«ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ - 65 СОН

## ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялъул 50 сон

**ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялда байбихьараб заманалъул рехселелде, бокьун буго гIагараб МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалда цIалулел сонал ракIалде щвезаризе, лъикIаб лъай, тарбия кьурал, мисалияб хьвадачIвадиялъе куцарал учительзабазул, батIи-батIияб махщелалгун хIалтIарал ва гьабсагIат хIалтIулел ругел классцоязул хIакъалъулъ чанго рагIи абизе.**

МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIун ана 50 сон. Гьелгощинал сонал аниги, жакъа гIадин ракIалда руго, хIадурлъиялъул классалда нижеда тIоцебе хъвазеги, цIализеги, хIисаб гIелмуги малъарав, нижее лъикIал нахъеги гьарурав ЛъаратIаса мугIалим мунагьал чураяв Нажмудин ХIабибов, 2-4 классазда лъай, тарбия кьурав, хIеренаб, хIалимав ва цIалдохъабазеги хирияв мугIалим, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи МелъелтIаса мунагьал чураяв ХIабиб Бекмирзаев.

ТIасияв классазда нижее дарсал кьуна мугIалимзаби, исаналъизегIан лъималазе лъайкьеялда хIалтIарал СайгидахIмад Исубовас, ГIалиасхIаб МухIамадовас, гьединго АхIмаднаби ГIалимирзаевас, гьабсагIат лъайкьеялда хIалтIулел ругел Муртаза Халидовас, ГIали ГIумархIажиевас (Ингишо школалъул директор. Нижеца кIудияб адаб-хIурматгун рехсола гьезул цIарал. Гьанир рехсолел гьечIо Аллагьасул къадаралде щварал, гIемер батIиял гIелмаби малъарал мугIалимзаби, Алжан насиблъаги гьезие.

ХIадурлъиялъул классалдаса байбихьун анцIго класс лъугIизегIан цадахъ цIаларал классцоязул лъабгояв тохтирзаби рахьана – ХIажи ХIусенов, АхIмад МухIамадбегов, Рузмай Дарбишова, жиде-жидер махщелазда МахIачхъалаялдаги Хасавюрталдаги, МелъелтIаги гIадамал сах гьариялъул хъаравуллъуда ругел. ХIажи ХIусенов хIалтIана райбольницаялда терапевтлъун, бетIерав врачлъун, гьабсагIат республикаялъул централияб больницаялъул гематологическияб отделениялъул заведующийлъун хIалтIулев вуго. Агрономасулги, юристасулги, партшколалъулги дипломал руго Загьидат Абакаровалъул. ХIалтIана Гумбет районалда гьветI-хер цIуниялъул станциялъул нухмалъулейлъун, партиялъул райкомалда, райисполкомалда жавабиял хъулухъазда, Гумбет районалъул судалъул председательлъун, гьабсагIат гьей ккола Унсоколо районалъул судья. Лъималазе лъай, тарбия кьеялда ва цогидал хъулухъазда хIалтIана мугIалимлъиялъул махщалилай Муслимат Мусалаева, къадаралде щвезегIан мугIалимлъи гьабуна мунагьал чураяв АдурахIман МухIамадгIалиевас. МугIалимасул тIадегIанаб лъай буго ШайихмухIамад ГьитIиновасул. Экономистасул махщелгун Зайирбег МухIамадов райПОялда, Болъихъ налоговияб инспекциялъул № 12 МелъелтIа участкаялда гIемер соназ хIалтIана. Инженерасул махщел буго НуцалхIан ГIабдурахIмановасул. Гьес рахъарал проектазда рекъон гIемерал минаби эхетана, гьабсагIат ралелги руго. БакIал ралев чиясул махщалиеги цIалун гьоркьохъеб хасаб лъайгун хIалтIана мунагьал чураяв СагIидбег Булатханов.

ГIицIго дун хутIана тIадегIанаб яги гьоркьохъеб хасаб лъай щвечIей 1967 соналъул выпускница. Гьеб соналъул 18 декабралда байбихьана захIматалъулаб хIаракатчилъиялда «Вождасул васиятал» газеталъул редакциялда хIалтIизе лъугьиналдасан. ГIемер ракIалде щола, 10 классалъул гурони лъай гьечIей дие захIматаб журналистикаялъулаб хIалтIулъ кумек щварал, школалда авар мацIалъул ва адабиятаялъул дарсал кьурав мунагьал чураяв ХIажидада НурмухIамадов, тIоцевесев редактор, ЛъаратIаса Хункар МухIамадбегов, жавабияв секретарьлъун редакциялда хIалтIулев вукIарав ГIабас Шейхов. Хадув партиялъул райкомалъ ГIабас Шейхов районалъул библиотекаялъул нухмалъулевлъун тIамуна, редакциялдаса нахъеги вачун. Хъвадаризе пагьмуги бугев, кучIдузул тIахьалги кьватIире риччарав ГIабасие данде ккoлеб букIинчIо библиотекаялда хIалтIи, гьесул ракIалъ редакциялде цIалеб букIана. Амма партиялъул райкомалъ жавабияв секретарьлъун виччачIого, литературияв хIалтIухъанлъун гурони восиларин абуна. КигIанго бокьичIониги, дун жавабияй секретарьлъунги лъугьун, ГIабас цIидасан редакциялде вачIана, гьесул мурадги тIубана. Дун хIалтIуде йосизе кIудияб хIаракат бахъарав, мунагьал чураяв ГIабас Шейховасе гьеб кумек дидасанго щвеялдаса йохарайги йиго.

Газета бахъизе байбихьаралдаса редакторзабилъун 14 – ял хIалтIарал ратани, ичIгоязда цадахъ дунги хIалтIана.

Гьездасан лъабгояв школалда дие дарсал кьурал ккола:

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ПОЧТОВЫЙ КАГЪТИДЕ КЕРЕНГИ ЧУЧУН

# РагIи! Унтарасе – гIанса, гIунулесе – чу

## Бакълъулазул басмаялъул юбилей тIобитIиялъул хIакъалъулъ макъалаби цIалидал, рижарал пикраби

**Салам дуде, гIагараб
бакълъулазул казият,
Баркула дур гIумрудул
лъабкъоялда щуго сон!
Щибаб анкьил цIилъаби
цIалдолезухъе кьезе,
Кьеги къаламцоязе къин
гьечIеб лъаялъул гIор!
РитIухъалда къвал базе,
тIекълъиялда мал базе,
Бер бахилаб сабру дуй,
свин гьечIеб таваккалгун!
Подписчикал цIикIкIаги,
цIалдолел гьарзалъаги,
ЦIвабзазул борхалъуде
къадру-къимат бахаги!**

### МатIу дагьабги гвангъе абе

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял къаламцоял!

ТIоцебесеб иргаялда, бокьун буго жакъасеб «Гумбет» казият гьабулезда ракI-ракIалъ баркизе гьаб басмаялъул 65 сон тIубай! Щибаб анкьие цо бугониги бахъулеб, нилъерго гIагараб, бокьулеб, нилъер миллаталъул цIваби - Шамил имамги, МахIмудги, ЦIадаса ХIамзатги, Расулги ва жеги анцI-анцI, нус-нус гьезул ирсилалги кIалъараб, магIарул мацIалда биччалеб районалъул казият ккола районалъул гьанжесеб ва цебесеб жамгIияб рукIа-рахьин, халкъалъул гIумру-яшав, тарих, гIадатал, культурияб цебетIей жинда жанисан якьинго бихьулеб матIу. Гьеб матIу дагьабги гвангъараб, бацIцIадаб ва жеги цIикIкIун гIадатияб халкъалдехун буссараблъун гьабизе камилаб лъайги, бергьун кIудияб къуватги, къин гьечIеб бажариги, бер бахилаб сабруги кьеги нужее Аллагьас, хIурматиял къаламцоял!

Районалъул казияталъул гьурмазда ноль тIубарабги чанго нольги цебе лъураб цо процентаялъулгIаги бутIа дирги батизе бегьулин абураб пикруялъ рахIат течIого ва, цо-цониги «хIенчечIого» чIезе кIолареб хасиятгIамал чорхолъги бессун бугелъул, дун битIун вичIчIиялде хьулгун бокьун буго, казияталъулги гьеб гьабулезулги къадру борхиялъул гуреб батIияб мурад рекIелъеги биччачIого, цо-цо пикраби загьир гьаризе.

Гьай-гьай, гьал ахирал соназ, хасго хIалбихьи бугев журналист ХIамзат ГIизудинов редакторлъун вачIаралдаса, гIезегIанго хисана казияталъул гьумер. Гьелъул хIакъалъулъ, ай лъикIал рахъазул, гIемер рехсана, бицана газеталъул 65 сон тIубаялда хурхун данделъараб байрамалдаги. Бокьун гьечIо, цохIого жо такрар гьабун, кагъатги, заманги гIадада хвезабун, цIалдолезул сабру гьородахъ биччазе.

### ЦIалдохъабазул къецал

Лъаларо, цебеялде дандеккун, казият хъвалезул, цIалулезул къадар гIодобе ккун батизеги бегьула. Гьедин батаниги, гьеб гуро цохIо районалъул казияталъул бугеб гIузру. Жакъа телевизоразги, компьютеразги, телефоназги гьанжесеб гIел регIулеб гьечIо казиятал-журналал цIализеги, нилъер умумузул гIумру-яшавги, гIадаталги, тарихги, культура-лъайги ва бищунго аслияб - гIагараб, бокьулеб магIарул мацIги, гьеб мацIалда хъварал церегосел ва гьанжесел авторазул асаразулгун лъай-хъвай гьабизеги, гьел ясбер гIадин цIунизеги, хадурккунисел наслабазухъе кьезеги.

Казияталъулги, гьеб гIуцIулезулги къадру борхи, гьеб цIалулеблъун, щибаб хадусеб номер кидадай кодобе щвелаян балагьун чIоледухъ лъугьин бараб бугин тола дица гьениб хъваралъ цIалдолезул ракIазе асар гьабиялда, гъотIодаса бортун, гьороца хъамун араб тIамах гIадин тIагIинчIого, гьезул ракIазулъ кIочонареб лъалкI теялда. Гьединаб рокьи гIагараб районалъул букIа, республикаялъул рукIа басмабаздехун гIолеб гIелалъулъ куцай байбихьизе ккола школалъул гIумруялдасанго. Жакъасел, цо-цониги материал казияталде битIулел пенсионерал цереса ун хадуб, лъицаха цIунизе бугеб гьел басмабазулгун бухьен?! Щай бегъулареб гьединаб къимат кьелалде, лъикIаб букIинароандай гьел идарабазул хIакъалъулъ гIадатиял гIадамазул - гьез хъулухъ гьабулеб халкъалъул пикраби-ги гIадахъ росани! Кинав нухмалъулес жиндица бетIерлъи гьабулеб идараялъул хIалтIи какулеб?

### Авар мацI, тIоцебесеб гали, рагIикъотI...

Ахирал соназ гIемераб бицунеб, классазда гьоркьоб, хадубги, школазда гьоркьоб къец (конкурс) лъазабун, адабияталъул, маданияталъул, тарихалъул, басриял гIадатазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, макъалаби хъвазе, рикIкIине, пагьму бугел, бергьарал тIаса рищун, гьезул хадубккунги хъвадаризе гьира базелъун. Цо-цониги материал казияталдасан кьезе, батIияб рес батичIони, кагътил шапакъатаздалъуниги гьелги кIодо гьаризе.

### Критикаялъ хIасил кьезе ккола

Жакъа казиятал цIалулезда гьоркьоб цIех-рехал гьаруни «Кинаб материал нужее гьениб цIализе бокьулеб?» абураб суалгун, дун божула, гьениб критика лъабабилеб бакIалдегIаги бачIине букIиналда. КинавгIаги чиясул анищхьул букIуна казияталда бахъаралдаса хадубгIаги жиндир унтараб суалалъе ритIухъаб жаваб ва кумек щвеялде. Амма нилъ пашманлъизе ккараб жо буго цо-цо нухмалъулезе жидер адресалда гьабураб критикаялъ кинабгIаги асар гьабунгутIи, я автор мекъи вугин, яги гьес хъварабги битIараб бугин ва гьесул мурад тIубаялда хурхун гьабги, гьабги хIалтIи гьабунин абун жаваб щунгутIи.

Цебе, Советияб хIукуматалъул заманалда, кинха букIараб? «Казияталда бахъараб кинабгIаги критикияб макъалаялда хурхун гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ иш тIаде кколев нухмалъулесухъа цIараб болжалалда жаваб тIалаб гьабулаан ва гьебги казияталда бахъулаан. Гьанжейин абуни жидер гIузрабазул хIакъалъулъ казияталде хъвазе бугилан цояз абидал, хъварав чи вукIинилаха мунилан абула гIемерисез. Казияталъул гьурмазда гIемер дандчIвала редакциялъул хIалтIухъаби яги цоги жавабиял нухмалъулел пуланал организациял-учреждениязул нухмалъулелгун дандчIванин абун, гьениб ккараб гара-чIвариялъул хIасилалда, гьеб идараялъул хIалтIуе тIадегIанаб къимат кьун, нухмалъулев веццун, хъварал макъалаби. Дир хIисабалда, хъвалеб суал буго магIарул мацI цIунизе, магIарулалълъун жал рикIкIунезда гьеб лъазе ккеялъул, амма хабар гIемериселъ хабарлъун хутIулеб буго, гьелъие цо дагьабго бугониги квербакъи гьабулеб буго магIарул басмабазги. Анкьида жаниб цо биччалеб ункъго гьумер бугеб казияталда цо тIубараб гьумер гIурус мацIалъ кьезе ккелебищха? Пачалихъалъул тIадегIанал органазул кIвар бугел документалцин авар мацIалде руссинарун рахъулаан цере, цо-цо авар мацIалда гьечIел рагIаби гурого гIурус мацIалъги хъвачIого. Кинабго жо цебетIолеб бугеб мехалда жакъа щиб, махщел бугел таржамачагIи лъугIунищ?!

МоцIида жаниб цо номералданиги щай бегьулареб кучIдул рахъизе, цIалдолезе гурелищ казиятал риччалел, гьез кьезе щай толареб гьезие къимат?!

Щибаб нух байбихьула тIоцебесеб галиялдасан, гьеб галиялда цебе сангар гьаби битIун букIинадай! БачIинахъего профессионалиял поэталги хъвадарухъабиги рахъунарелъул. Дица гIемер халгьабула, тIоцебе казият кодобе щведал, цIалдолез щиб цIехолебали: гьел ралагьула ахирисеб гьумералде, кроссворд бугищан. Щай бегьулареб моцIрол ахирисеб номералданиги цо-цониги ворд (кросс.., скан.., фил… ва гь. ц.) биччазе? Дир хIисабалда, гьелъги цо къадаралъ квербакъилаан мацI цIунизеги, лъаларел рагIаби лъазеги, гьезда тIад ургъизеги. ХъахIаб кагъат, гIемераб бицун, хъван, ахIдон, багIарабилан чIезабун бажарулареб гIадин, бажаруларо, хабаралдаса ишалде рачIинчIони, нилъерго мацI цIунун. Дица цебеги гIемер хъвана гьелъул хIакъалъулъ, амма хъвараб жо гIадахъ босулел гIадамал дагьлъун руго, хасго тIалъиялда. Нилъеца гьабичIони, нилъер миллаталъулги, мацIалъулги ургъел гIурусазе щай? Гьединлъидал, республикаялъул тIалъиялда хасгьабун борхизе ккола школазда рахьдал мацIалъул сагIтал цере рукIараб даражаялде рачиналъул суал. Амма сагIтал цIикIкIинаруралги гIоларо, мугIалимзабазги хIаракат бахъизе ккола гьездасан цIалдохъабазе цIикIкIун пайда кьоледухъ хIалтIи гIуцIизе.

Дица гIемер хIалтIизабула дандекквеялъул къагIида: цебе ва гьанже. Хадуб бачIунеб бихьичIого, цебеселъе къимат кьезе данде кколаро. Цойгидазул иш лъаларо, жакъа дунго дикьаго нечола, цо-цо нилъер чIахIиял классазул цIалдохъабазцин цо-кIиго куплет кочIол, цебе тIамачги ккун цIалулеб бихьидал. Амма цебе тIубарал поэмаби цIалдохъабаз ракIалдасан цIалулаан. Гъаргъар баларищ черхалда, ГIабдулмажид Хачаловасул «Хваразул цIаралдасан», ЦIадаса ХIамзатил «ГIумруялъул дарсал», Расул ХIамзатовасул «Авар мацI», МахIмудил рокьул къасидатал, Игьалиса Чупаласул ва Инхоса ГIали-хIажиясул назмаби, туркаби ва гьел гурел цогидалги поэтазул кучIдул ва поэмаби цIалулел рагIидал!

Щибаб байрамалда росабалъ ва районалда школазул художественниял хIаракатчагIазул церерахъинал рукIунаан, сценаялда лъолаан магIарул хъвадарухъабазул пьесаби, махсародул номерал (интермедиял), зама-заманалда тIоритIулаан тIахьал цIалулезул конференциял. Жакъа гьечIогойищха ругел пагьму-гьунар бугел цIалдохъаби? Гьеле гьелъ рикIкIуна дица жакъа нилъерго рахьдал мацI цIуниялда ва хадусел наслабазухъе ирсалъе кьеялда хурхун бажарулебгIаги хIалтIи нилъер гIей гьечIеб бугилан. РагIудаса ишалде рачIине къваригIун буго.

Гьединал руго дир хадубккунги районалъул басмаялъул ва гьеб гьабулезул къадру дагьабги тIадегIанаб даражаялде бахиналъул мурадалда ва нилъерго рахьдал мацI цIуниялда хурхун загьир гьаризе бокьарал пикраби. КIвар бугеб суал бугелъул, лъикIаб букIина казияталъулгун бухьен бугез гьенисан жидерго пикрабиги загьир гьаруни.

**Саламгун, Игьалиса Магьди ГIабдурахIманов**




# Ахириялги гуро аваразул яхIалъул

### «Гумбет» басмаялъул редакциялъул рахъалдасан:

**ВагIалайкум салам, Магьди ГIабдурахIманов! Баркала кагъаталъухъ, магIарул миллаталъулги, мацIалъулги, тарихалъулги, жакъасеб къоялъулги ургъел гьабун, гьел кIвар бугел суалал рорхаралъухъ. Гьелда хадуб. Унго-унголъунги кидаго къанагIат рукIана пикру гьабулел ва пикру кагътиде босизе лъалел гIадамал.**

Гьединлъидал, авар мацIалда газеталъе макъалаби хъвазе бажарулел чагIи нагагь гурони ратулел гьечIо. ЦIияб гIелги интернеталдаса рикъарал текстазде ругьун гьарун руго. Дагьабниги ярагьунеб макъала яги кечI «Гумбет» басмаялда бахъула. Дуцаги ритIизе бегьула гьединал цIалдохъабазул хъвай-хъвагIаял нижехъе. ГIезегIан мех буго «Гумбет» басмаялъул редакция Бакълъул мухъалъул авар мацIалъул мугIалимзабазда цадахъ рекъон хIалтIулеб бугелдаса. Чанго макъала бачIана гьез. Амма цо кIудияб чIаголъи гьечIо. Какни базабунин, «АлхIам» цIализабеян абун буго цо къосарав мунапикъас. Гьелъухъего, тIаса бихьизабизе, ракI жаниб лъечIого, агъаз гьабичIого, хъварал мухъал цIалдолезул ракIазулъе унаро. ХIал гьабун хъвадарулел чагIиги рахъунаро. Гьеб буго тIабигIияб гьунаралъул хIасил, гIаламат.

# Ахириялги гуро аваразул яхIалъул

**(Байбихьи - лъабабилеб гьум.)**

Гьанже гIурусалъ хъварал документазде руссинин. «Гумбет» басмаялда гьединал официалиял документал рукIуна ахирисеб гьумералъул ахада. Росабазул ва районазул бюджетал ва цоги документал газеталда рахъичIони, гьел законияб къуваталде лъугьунаро.

Газета цебетIезабиялъе гьабизе бегьулеб анцI-анцI, нус-нус иш буго. Амма газеталдаго цадахъ «Гумбет» редакциялда тIадкъан буго гIурус мацIалда бугеб сайталде ва цоги алатазде хъвадари ва гIемераб жанисеб хIалтIи буго. Районалъул нухмалъулез журналистазе кьолел харжалги цIикIкIинаруни, тIаде штаталги кьуни, 4 гуреб, 8 ва 12 гьумер анкьие биччазе кIолеб бюджетги къабул гьабуни, газета цIалулезул къадарги анцIазаридаса бахани, чанги батIияб проект гIумрулде бахъинабизе бегьула. Амма жакъасел ресал гьадинал руго.

Цоги нухалъ баркала кагъаталъухъ. Хьул буго, ГIумархIажи Шахтамановас хъвавухъего, нилъги ахириял ратиларин аваразул яхIалъулилан.

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Проверка исполнения законодательства о занятости населения

**Прокуратурой Гумбетовского района по информации начальника ГКУ РД «Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» проведена проверка исполнения органами местного самоуправления и образовательными организациями района законодательства о занятости населения.**

Проведенной проверкой установлено, что в нарушение ч. 3 ст. 25 Закона РФ от 19. 04. 1991 N 1032-1 «О занятости населения в Российской Федерации», п.п. 2, 4 и п. 7 Постановления Правительства Республики Дагестан от 16. 05. 2014 № 165 «Об утверждении порядка ежемесячного представления работодателями сведений и информации в органы государственной службы занятости населения Республики Дагестан» работодатели указанных организаций, в ГКУ РД «Центр занятости населения» в МО «Гумбетовский район», информацию о наличии свободных рабочих мест и вакантных должностей, ежемесячно не представлены.

Информацию о наличии свободных рабочих мест и вакантных должностей, работодатели представляют в органы службы занятости по месту фактического нахождения работодателя ежемесячно не позднее последнего календарного дня текущего месяца.

По результатам проверки прокуратурой района в отношении должностных лиц органов местного самоуправления и образовательных организаций, возбуждены 11 дел об административных правонарушениях, предусмотренных ст. 19.7 КоАП РФ и для рассмотрения по существу направлены в мировой суд.

**Шамил Магомедов,**
**заместитель прокурора района,**
**юрист 1 класса**

# ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялъул 50 сон

**(Авал-кIиабилеб гьум.)**

ЛъаратIаса Хункар МухIамадбегов (химик), Сайпула Мирзаев (биолог), Ингишоса ГIали ГIумархIажиев (физик). ГIемер соназ редакторзаби МелъелтIаса УхIумагьази Нажуевгун, Гьадариса АхIмаднаби Абубакаровгун, Аргьваниса Сайпилав МухIамадовгун цадахъ хIалтIана. 50 соналъ цадахъ, цин радиовещаниялъул корреспондентлъун, хадуй районалъул газеталъул корреспондентлъун ГIайшат Исламбиева хIалтIулей йиго.

Редакторзаби цонигиял квешал рукIинчIо, заманалъул тIалабазда рекъон хIалтIи гIуцIизе хIаракат бахъулел, коллективги цоцалъ гъункараб, цоцазе кумекги гьабулеб букIана кидаго. Амма хIалтIулъ цIикIкIун дие кумек щвараблъун ккола гьабсагIат районалъул информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев, журналистикаялъул ишалъе камилаб махщел бугев, гьанжезаманаялъул тIалабазда хIалтIухъаби куцулев ХIамзат ГIизудинов.Гумбет районалъул гIумру бихьизабулеб матIу, гьелъул унго-унгояб тарихчи, ункъго нухалъ цIар хисараб «Гумбет» газеталъул редакциялда 50 соналъ хIалтIиялдаса ва щибаб соналъ газеталъул «томал» риччаялъулъ жигараб гIахьаллъи букIиналдаса чIухIарай йиго дун.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЗИГАРА БУГО

# Берал къанщунилан, къадру холаро, Халкъ бахилаб гьунар бицаде тани

**МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъ, Авар басмабазул цолъиялъ ва Авар мацIалъул мугIалимзабазул ассоциациялъ, гьединго «Миллат» ва «Гумбет» газетазул редколлегияз ракIракIалъ, кIудияб пашманлъиялда, зигара балеб буго Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газеталъул хIалтIухъан, махщел камилав къалмил устар Расул ХIамзатов Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьеб басмаялъул хIалтIухъабазда, гIага-божаразда ва тIолалго магIарулазда.**

**Гьаб дуниял гьоболлъиялъул рукъ буго. Нилъ киналго Аллагьас рижарал руго, Гьесухъе нахъруссинеги руго. Аллагьас алжан насиб гьабеги Расулие, нахъе ругезе гIумруги кьеги. Амин.**

# О проведении учета скота и птицы в хозяйствах всех категорий на 1 января 2018 года

**В соответствии с Производственным планом Федеральной программы статистических работ проводится учет скота и птицы в хозяйствах всех категорий по со¬стоянию на 1 января 2018 года.**

Формирование сведений осуществляется на основании следующих форм федерального статистического наблюдения:

- по 3 - фермер «Сведения о производстве продукции животноводства и по¬головье скота», утвержденный Приказом Росстата от 24.08.2017 № 545.

- приложение к форме № 14 «Сведения о поголовье скота в хозяйствах насе¬ления», утвержденный Приказом Росстата от 24.08.2017 № 545.

Численность поголовья скота и птицы по категориям сельхозпроизводителей определяется в следующем порядке:

1. В малых (тип 1), микромалых (тип 4) предприятиях, крестьянских (фермерских) хозяйствах и ИП - сплошным методом по данным отчетов ф. № 3 - фермер.

Малые предприятия (без микро) отчет ф. № 3 - фермер представляют за декабрь с учетом показателей за год, как указано на бланке.

Микропредприятия, крестьянские (фермерские) хозяйства и ИП отчет ф. №3 - фермер представляют один раз в год, согласно приказу Росстата от 09.08.2012г. №441.

2.В хозяйствах населения численность скота и птицы определяется Дагестанстатом на основании итогов ВСХП 2016 года и данных выборочного обследо¬вания хозяйств населения по форме № 2. Приложение к форме № 14 «Сведения о поголовье скота в хозяйствах населения» используется для экспертной оценки и определения половозрастной структуры скота.

3.В мелких подсобных хозяйствах несельскохозяйственных организаций, опытно-производственных хозяйствах, станциях по племенной работе и др., имеющих незначительное поголовье сельскохозяйственных животных - по дан¬ным отчета ф. № 3 - фермер за год.

Поголовье скота крестьянских хозяйств и индивидуальных предпринимателей отражается по месту нахождения скота и птицы, независимо от места постоянного жительства главы хозяйства. Юридические лица также представляют отчет по месту фактического осуществления своей деятельности.

В Гумбетовский ТОГС представляются следующие материалы:

1. Форма № 3 - фермер по малым (без микро) предприятиям - первичные отчеты за декабрь 2017 года.

В нашем районе малые считаются (СПК «Мехельтинский» и СПК «Данухский»)

2.Форма № 3 - фермер микромалые предприятия эти остальные СПК и ООО первичные отчеты за 2017 год.

3.Форма № 3 - фермер по подсобным хозяйствам - первичные отчеты за 2017 год.

4.Форма № 3 - фермер по крестьянским хозяйствам и индивидуальным предпринимателям - первичные отчеты за 2017 год.

Срок представления отчетов по форме № 3-фермер дифференцирован по районам.

По графику представления отчетов по форме №3-фермер последний срок для нашего района 11 января 2018 года. Отчеты по форме № 3-фермер в районе принимаются с 20 декабря 2017 года по 11 января 2018 года, мы 11 января в конце дня отчеты ф. № 3-фермер в бумажных носителях предоставляем в отдел сельского хозяйства и окружающей природной среды Дагестанстата.

5. Приложение к ф. № 14 - сводный по району, с приложением отчетов по муниципальным образованиям не позднее 20 января 2018 года.

6. Записка о численности скота по муниципальным образованиям и по другим объектам по состоянию на 1.01. 2018 года. В записке следует отразить изменения численности и состава скота в селе, в хозяйстве за истекший период по сравнению с 2016 годом.

Еще раз обращаем Ваше внимание на обязательность заполнения всех реквизитов отчета, наличие подписи руководителя организации, лица ответственного за составление, номера контактного телефона и даты составления отчета.

Отчеты, заполненные на бланках старого образца, не имеющие коды ОКПО и другие реквизиты, не подписанные указанным выше образом, а также копии отчетов обработке не подлежат.

Для оперативного заполнения и представления информации предусмотрен XML-шаблон формы (электронный вид формы, включая контроли), который размещен на Интернет-сайте Дагестанстата: http://dagstat.gks.ru, в рубрике - «Статотчетность»/Шаблоны форм статотчетности.

Разъясняем: при открытии шаблона статотчетности ф.3-фермер

- sm_5.xml отчет заполняют малые (без микропредприятий);
- sm_4.xml отчет заполняют микропредприятия;
- sm_3.xml отчет заполняют КФХ и ИП

Отчеты по форме №3-фермер (малые, микро, КФХ и ИП) в электронном виде необходимо представить на любой электронный адрес Дагестанстата: P05 mail@gks.ru или P05 IgnatenkoEA@gks.ru с использованием электрон¬ной подписи (ЭП) и в адрес Гумбетовского ТОГС P05_Gumbet@gks.ru

Также напоминаем, согласно письма Росстата №КJI 12/5657-ТО от 12.12.2013г., статистические отчеты по унифицированным формам используются только для статистических целей, и начиная с 2015 года органы статистики не заверяют копии отчетов для других целей.

Просим глав сельских поселений доводить данное письмо и бланк отчета до руководителей объектов (малых, микромалых, КФХ и ИП) функционирующих на вашей территории.

По всем возникающим вопросам обращаться в с. Мехельта тел: 55-80-21.

**Магомед Лабазанов,**
**главный специалист-эксперт Буйнакского МР ТОГС в с. Мехельта**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.